



APRENDER SEMPRE

3º ANO

ENSINO FUNDAMENTAL

LÍNGUA PORTUGUESA

Chè elèv e responsab,

Nan lide pou evite pwopagasyon nouvo kowonaviris la, pandan n ap prezève sante tout moun, aktivite nan lekòl yo sispans, yon fason pou diminye sikilasyon moun. Nan objektif pou pa entèwonpi etid ou, menm pandan peryòd sispansyon kou yo, Sekretarya Edikasyon Eta a te prepare yon materyèl pou sèvi w kòm sipò nan moman sa a.

Materyèl sa a divize an de pati: youn se Lang Pòtigè epi lòt la se Matematik. Nan yo, ou pral jwenn aktivite pou elaji konesans ou. Anplis de sa, gen 2 lòt dokiman ki akonpanye materyèl sa a: youn ki gen enfòmasyon sou COVID-19 la, lòt la menm gen oryantasyon ak sijesyon pou w òganize yon woutin etid epi kontinye aprann, menm si w pa ale nan lekòl la!

Lè kou yo retounen, l ap enpòtan pou w remèt pwofesè w la aktivite w fè yo. Konsa, ou pral kabab jwenn yon feedback sou aktivite ke w te rive fè yo, epi tou, ou pral kapab jwenn plis apwi.

Bòn etid!



Nome da Escola: _____

Nome do Aluno: _____

Data: __/__/2020

Ano/Turma 3º Ano EF _____

AKTIVITE 1 - JWÈT AK ANMIZMAN

LI ANSANM AK YON MANM NAN FANMI W, OUBYEN AK YON MOUN KI RESPONSAB OU TÈKS SA KI TITRE "ORIGEM E HISTÓRIA DE DOIS TIPOS DE BRINQUEDOS BASTANTE ANTIGOS: PIPA E PETECA"

PIPA

A PIPA NÃO ERA CONSIDERADA BRINQUEDO QUANDO SURTIU, NA CHINA, HÁ 1.000 ANOS ANTES DE CRISTO. ELA ERA UTILIZADA COMO DISPOSITIVO DE SINALIZAÇÃO MILITAR. SUA COR E OS MOVIMENTOS NO AR TINHAM COMO OBJETIVO ENVIAR MENSAGENS.

EM CÓDIGOS ENTRE OS CAMPOS. NO BRASIL, HÁ NOTÍCIAS QUE TAMBÉM A UTILIZARAM COMO SINALIZADOR, MAS LOGO PASSOU A SER UM DOS BRINQUEDOS PREDILETOS DAS CRIANÇAS, ADOLESCENTES E ATÉ ADULTOS. A PIPA PODE SER CONFECCIONADA DE DIFERENTES MATERIAIS, FORMAS E TAMANHOS. SE AS CRIANÇAS CONSEGUEM EMPINAR, JÁ É O SUFICIENTE PARA BRINCAR. ELA É CONHECIDA COM OUTROS NOMES EM DIFERENTES REGIÕES. NO RIO GRANDE DO SUL, POR EXEMPLO, É CHAMADA DE PANDORGA. EM SALVADOR, ARRAIA E, EM TOCANTINS, PAPAGAIO OU PUCHETA, DEPENDENDO, É CLARO, DO TIPO DE PIPA!




Ilustração: Ana Rita da Costa

TEXTO ADAPTADO DO LIVRO: A HISTÓRIA DO BRINQUEDO, DE CRISTIANA VON.

1. REPONN KESYON SA YO:

A. POU KI FONKSYON YO TE KREYE PIPA?

B. KI NON YO BAY PIPA NAN DIFERAN REJYON NAN BREZIL?

C. KI KALITE *PIPA* OU KONNEN? OU MOUTE *PIPA* YON FWA DEJA? EKRI EKSPERYANS OU ANBA A.

PETECA

ESSE BRINQUEDO TEM ORIGEM BRASILEIRA, OS INDÍGENAS JOGAVAM PETECA COMO FORMA DE RECREAÇÃO. ERA UMA TROUXINHA DE FOLHAS COM PEDRAS AMARRADAS EM UMA ESPIGA DE MILHO. EM 1920, ALGUNS ATLETAS JOGARAM PETECA NOS INTERVALOS DOS JOGOS OLÍMPICOS, NA ANTUÉRPIA, E CHAMARAM ATENÇÃO DE ATLETAS DE OUTROS PAÍSES. NA DÉCADA DE 1940, EM MINAS GERAIS, O JOGO RECREATIVO PASSOU A SER UM ESPORTE E, EM 1985, FOI OFICIALIZADO PELO CONSELHO NACIONAL DE DESPORTO, RECONHECIDO COMO UM ESPORTE OFICIAL. A PETECA TAMBÉM É CONHECIDA E PRATICADA EM DIFERENTES ESTADOS E PAÍSES, COMO PARAGUAI, BOLÍVIA, CHILE, ESTADOS UNIDOS E ALGUNS PAÍSES EUROPEUS E ASIÁTICOS.



Ilustração: Ana Rita da Costa

TEXTO ADAPTADO DO LIVRO: A HISTÓRIA DO BRINQUEDO, DE CRISTIANA VON.


2. OU JWE *PETECA* DEJA? KIJAN W TE KONN JWE?

A. KI ORIJIN *PETECA* AN?


B. DAPRÈ TÈKS LA, NAN KI ZÒN NAN BREZIL AK NAN MOND LAN YO KONN JWE AK *PETECA*?



3. OBSÈVE ILISTRASYON SA YO, OU KONNEN JWÈT YO KI ANBA A? EKRI NON YO NAN ESPAS YO ENDIKE ANBA CHAK JWÈT YO. MENM JAN AK PIPA LA, PETECA SE YON JWÈT ANSYEN TOU.



Ilustrações: Ana Rita da Costa



Ilustrações: Ana Rita da Costa

4. E OU MENM KIJAN W JWE? KI JWÈT OU PI RENMEN EPI KI ANMIZAN OU PI RENMEN FÈ? EKRI YO NAN LIS KI ANBA A.

JWÈT PREFERE W YO	JWÈT OU PI RENMEN FÈ

5. PALE AK FANMI W YO SOU JWÈT YO TE ABITYE JWE LÈ YO TE TIMOUN. KI JWÈT YO TE KONN FÈ LÈ YO TE TI MOUN? OU KONNEN JWÈT FANMI W YO DI YO? OU TE DEJA JWE AVÈK KÈK NAN JWÈT SA YO? LAKAY OU GEN KÈK JWÈT KI SE POU PARAN W YO OUSWA GRAN PARAN W YO? EKRI ANBA A DEKOUVÈT OU FÈ YO.

6. LI NON JWÈT SA YO EPI FÈ YON "X" DEVAN SA W JWE DEJA YO:

JWÈT	X	JWÈT	X
QUEIMADA		ESCONDE-ESCONDE	
MÃE DA RUA		PEGA-PEGA	
BALANÇA CAIXÃO		ESTÁTUA	
BARRA MANTEIGA		MORTO VIVO	
BATATA QUENTE		TELEFONE SEM FIO	
PASSA ANEL		AMARELINHA	

OU KONNEN KISA JWÈT SA YO GENYEN KI MENM JAN?

SE JWÈT KI NAN KILTI BREZILYEN AN, YO KONSIDERE YO KÒM JWÈT TRADISYONÈL, KI TRANSMÈT DE JENERASYON AN JENERASYON. ANPIL LADAN YO TE EGZISTE GEN PLIS PASE YON SYÈK EPI KI SIBI MODIFIKASYON SELON REJYON OSWA EPÒK TIMOUN NAN TE KONN JWE A!

LI TÈKS KI PI BA A ANSANM AK YON MOUN NAN FANMI W, OUBYEN AK MOUN KI RESPONSAB OU A:



PASSA ANEL



Fonte: Pixabay

MATERIAL

UM ANEL.

PATICIPANTES

NO MÍNIMO, 5 PARTICIPANTES.

OBJETIVO

PASSAR O ANEL A UM PARTICIPANTE SEM QUE NINGUÉM PERCEBA. OS DEMAIS PRECISAM DESCOBRIR COM QUEM ESTÁ O ANEL.

COMO BRINCAR?

- ESCOLHA UM DOS PARTICIPANTES PARA PASSAR O ANEL E OS DEMAIS DEVEM SE SENTAR EM CÍRCULO, COM AS MÃOS UNIDAS E ENTREABERTAS, COMO UMA CONCHA FECHADA.
- O PASSADOR DO ANEL, COM AS MÃOS FECHADAS, PASSA POR TODOS OS PARTICIPANTES, SIMULANDO ENTREGAR O ANEL AOS DEMAIS.
- SEM QUE NINGUÉM PERCEBA, ELE PASSA APENAS PARA UMA PESSOA. TODOS PERMANECEM DE MÃOS FECHADAS, INCLUSIVE O QUE RECEBEU O ANEL.
- O PASSADOR ESCOLHE UMA PESSOA PARA TENTAR ADIVINHAR QUEM ESTÁ COM O ANEL. SE ACERTAR, É O NOVO PASSADOR. SE ERRAR, O PASSADOR REPETE A PERGUNTA, ATÉ ALGUÉM ACERTAR.

7. LI TÈKS LA ANKÒ EPI REPONN KESYON SA A YO:

A. JWENN EPI SÈKE, DIRÈKTEMAN NAN TÈKS LA, KI MATERYÈL KI NESESÈ POU FÈ JWÈT SA A.

B. JWENN NAN TÈKS LA, EPI PENTIRE, AK KREYON KOULÈ, ENFÒMASYON KI EKSPLIKE KONBYEN MOUN, MOUN K AP PASE BAG LA BEZWEN POU L BAY GAG LA. REPONN ANBA A:

C. ÈSKE LI POSIB POU SÈLMAN DE MOUN FÈ JWÈT SA A? ESPLIKE.

D. OU KONNEN JWÈT SA A? RAKONTE EKSPERYANS OU.

LI ANSANM AK YON MOUN NAN FANMI W TÈKS LA KI DEKRI YON JWÈT:

MÃE DA RUA

MATERIAL

GIZ.

PATICIPANTES

NO MÍNIMO, 5 PARTICIPANTES.

OBJETIVO

ATRAVESSAR PARA O OUTRO LADO DA RUA, SEM SER PEGO PELA MÃE DA RUA.



COMO BRINCAR?

- COM UM GIZ, DESENHE DOIS TRAÇOS PARALELOS COM UMA DISTÂNCIA DE CERCA DE 2 METROS ENTRE ELES. O ESPAÇO ENTRE OS TRAÇOS SIMULAM A RUA E O LADO EXTERNO, AS CALÇADAS.
- ESCOLHA QUEM SERÁ A MÃE DA RUA. ELA DEVERÁ FICAR ENTRE AS DUAS LINHAS.
- FORME DOIS GRUPOS. CADA UM DELES ASSUME UMA DAS “CALÇADAS”.
- OS PARTICIPANTES DEVEM ATRAVESSAR DE UM LADO PARA O OUTRO, SEM QUE A MÃE DA RUA O IMPEÇA. QUEM FOR PEGO FORA DA CALÇADA PELA MÃE DA RUA, PASSA A SER A NOVA MÃE DA RUA.
- É PRECISO ATRAVESSAR A RUA COM UM PÉ SÓ.

8. LI TÈKS LA ANKÒ EPI REPONN KESYON SA YO:

A. JWENN EPI SÈKE, DIRÈKTEMAN NAN TÈKS LA, KI OBJEKTIF JWÈT LA.

B. KISA KI RIVE LÈ MANMAN LARI A KENBE YON MOUN KI DEYÒ TWOTWA A?

C. NAN AKTIVITE SA A, OU PA BEZWEN OKENN OBJÈ POU W JWE, OK? LI JWÈT PI BA A YO EPI SÈKE SÈLMAN JWÈT KI PA BEZWEN OBJÈ YO:

LENCINHO NA MÃO	JOGO COM BARALHO	STOP
ESCONDE-ESCONDE	BINGO	MORTO VIVO
PEGA-PEGA	BALANÇA CAIXÃO	TELEFONE SEM FIO

D. OU TE KONNEN JWÈT SA A? RAKONTE EKSPERYANS OU.

9. OU TE LI ENSTRIKSYON SOU JWÈT *PASSA ANEL AK MÃE DA RUA*. ANALIZE KISA TÈKS YO GENYEN KI MENM JAN:

A. POU KISA JWÈT SA A YO SÈVI?

B. KIYÈS MOUN KI POSIB POU LI TÈKS SA YO?

C. KISA KI PA DWE MANKE LÈ NOU BEZWEN EKRI ENSTRIKSYON POU YON JWÈT?

D. LÈ W T AP PALE AK FANMI W YO, YO TE PALE W DE JWÈT SA YO?



10. CHWAZI YON JWÈT KI TE PARÈT NAN KONVÈSASYON OU TE GENYEN AK FANMI W YO OSWA KE W KONNEN EPI EKRI ENSTRIKSYON SOU FASON YO JWE JWÈT SA A NAN ESPAS SA A.

BRINCADEIRA

MATERIAL

PARTICIPANTES

OBJETIVO

COMO BRINCAR?



Ilustrações: Freepik

OU DWE KONNEN KE YON JWÈT KAPAB GENYEN PLIZYÈ VARYASYON. LI YOUN NAN VÈSYON JWÈT *ESCONDE-ESCONDE*:

ESCONDE-ESCONDE

PATICIPANTES

A PARTIR DE 3 PARTICIPANTES

OBJETIVO

ENCONTRAR TODOS OS PARTICIPANTES ESCONDIDOS.

COMO BRINCAR?

- UM DOS PARTICIPANTES FICA DE COSTAS PARA O GRUPO, DE OLHOS FECHADOS E COMEÇA A CONTAR ATÉ DEZ, BEM DEVAGAR, PARA QUE OS DEMAIS POSSAM PROCURAR UM LUGAR A FIM DE SE ESCONDER.
- QUANDO CONTAR ATÉ DEZ, DEVE-SE CERTIFICAR SE TODOS SE ESCONDERAM E PERGUNTA: "POSSO IR?" SE NINGUÉM RESPONDER, SIGNIFICA QUE TODOS ESTÃO ESCONDIDOS E, ENTÃO, JÁ PODE PROCURÁ-LOS.
- QUANDO ENCONTRAR ALGUÉM, CORRA ATÉ O LUGAR QUE CONTOU ATÉ DEZ E DIGA: 1, 2, 3... (NOME DA PESSOA QUE ENCONTROU).
- SE O PARTICIPANTE ENCONTRADO CHEGAR PRIMEIRO, DIZ: 1, 2, 3, (SEU NOME).
- O PRIMEIRO A SER ENCONTRADO PELO PERSEGUIDOR É O PRÓXIMO A PERSEGUIR.
- PALE AK KÒLÈG OU YO SOU VÈSYON W TE LI A. SE LI MENM OU TE KONNEN AN?



OU KONNEN VÈSYON SA A? OU TE KONN FÈ *ESCONDE-ESCONDE* NAN FASON SA A DEJA? CHACHE SONJE VÈSYON OU KONNEN AN POU JWÈT SA A. PALE AK FANMI W YO SOU LÒT VÈSYON JWÈT SA A.

11. KOUNYE A, SE TOU PA W POU FÈ YON ADAPTASYON. OBJEKTIF LA SE KREYE NOUVO VÈSYON. RETE ATANTIF NAN ESTRIKTI TÈKS LA EPI NAN LANGAJ YO ITILIZE LANDAN LAN.

BRINCADEIRA

MATERIAL

PARTICIPANTES

OBJETIVO

COMO BRINCAR?

AKTIVITE 2 - KONNEN CONTOS DE ARTIMANHA

OU KONNEN KISA YON *CONTOS DE ARTIMANHA* YE ORIJIN MO “ARTE” AK “MANHA” KA EDE W PANSE KISA OU PRAL RANKONTRE NAN TIP DE KONT SA A? POU KISA YO RELE YO TOU *CONTOS DE ESPERTEZA*?

KI KARAKTERISTIK ISTWA SA YO GENYEN? OU KWÈ GEN PRENSÈS, WA, RÈN LADAN YO? OBJETTIF YO SE ATIRE LEKTÈ YO OSWA FÈ YO ANMIZE YO, FÈ YO KONTAN? KISA W PANSE? AN NOU AL DEKOUVRI!

1. LI ANSANM AK YON MANM NAN FANMI W *CONTOS DE ARTIMANHA* KE YO RELE “O CEGO QUE NÃO ERA TOLO”. ATRAVÈ TIT SA A, KISA W PANSE KI PRAL RIVE NAN ISTWA SA A? EKRI SA W PANSE A NAN LIY KI ANBA YO.

O CEGO QUE NÃO ERA TOLO

ERA UMA VEZ UM CEGO QUE ANDAVA MENDIGANDO DE PORTA EM PORTA PARA SOBREVIVER. MUITO PRUDENTE, DO POUCO QUE GANHAVA AINDA CONSEGUIA ECONOMIZAR ALGUMAS MOEDAS, QUE ENTERRAVA NOS FUNDOS DE SUA CASINHA, JUNTO À RAIZ DE UM CARVALHO.

UM DIA, SEU VIZINHO PERCEBEU QUE ELE ESCONDIA ALI ALGUMA COISA. SORRA-TEIRO, À NOITE, O ESPERTALHÃO FOI ATÉ LÁ, CAVOU A TERRA E ROUBOU AS MOEDAS.

DALI A UNS DIAS, QUANDO O CEGO VOLTOU AO LOCAL PARA ACRESCENTAR UMA MOEDA AO SEU TESOURO, DESCOBRIU O FURTO. INDIGNADO, QUIS GRITAR, MAS CONTROLOU-SE; DE NADA ADIANTARIA LAMENTAR-SE. EM VEZ DISSO, VOLTOU PARA CASA E COMEÇOU A PENSAR NUMA MANEIRA DE RECUPERAR SEU DINHEIRO.

DESCONFIU DE QUE O LADRÃO SÓ PODERIA SER O VIZINHO E ARMOU UM PLANO PARA ENGANÁ-LO.

NA MANHÃ SEGUINTE, PROCUROU-O DIZENDO ASSIM:

- CARO VIZINHO, ESTOU NUMA GRANDE DÚVIDA E PENSEI QUE VOCÊ PODERIA ACONSELHAR-ME. ACONTECE QUE HOJE FIQUEI SABENDO QUE HERDEI DE UMA VELHA TIA UMA FORTUNA EM MOEDAS DE OURO. EU TENHO UM ESCONDERIJO SECRE-



TO ONDE GUARDO MINHAS ECONOMIAS, MAS NÃO SEI SE LÁ É UM LUGAR SEGURO, A SALVO DE LADRÕES. VOCÊ NÃO ACHA QUE TALVEZ FOSSE MELHOR ENTREGAR ESSA FORTUNA PARA O VIGÁRIO DA ALDEIA GUARDAR?

OS OLHOS DO VIZINHO PISCARAM DE COBIÇA. E JÁ PENSANDO EM PÔR AS MÃOS EM TODO O TESOURO, ASSEGUROU AO CEGO QUE O MELHOR SERIA GUARDAR TUDO JUNTO NO ESCONDERIJO, COM CERTEZA UM LUGAR MUITO SEGURO, SIM!

O CEGO AGRADECEU O CONSELHO E PARTIU PARA A ALDEIA, DIZENDO QUE IA BUSCAR A HERANÇA. SEM PERDER TEMPO, O VIGARISTA RECOLOCOU O QUE FURTARA NO BURACO AO PÉ DA ÁRVORE; COBRIU TUDO COM TERRA E FOI EMBORA.

DALI A POUCO O CEGO VOLTOU E, CONFORME ESPERAVA, ENCONTROU NO LUGAR DE SEMPRE AS SUAS PRECIOSAS MOEDAS.

À NOITE, QUANDO O VIZINHO LADRÃO RETORNOU, SÓ ENCONTROU AO PÉ DO CARVALHO UM BURACO VAZIO, TÃO VAZIO QUANTO SUA POBRE CABEÇA DE TOLO...

PAMPLONA, ROSANA. NOVAS HISTÓRIAS ANTIGAS. SÃO PAULO: BRINQUE-BOOK, 1998. P. 43-45

KOUNYE A REPONN:

A. OU TE KONNEN KONT SA A DEJA? KISA W PANSE DE ISTWA SA A?

B. KISA NAN ISTWA SA A KI DIFERAN NAN LÒT KONT MAJIK AK KONT FÒLKLORIK KÒM BOUKI AK MALIS?

C. ANALIZE TIT ISTWA A: "O CEGO QUE NÃO ERA TOLO". KI RELASYON KI GENYEN ANT TIT LA AK ISTWA A?

D. NAN ISTWA SA A, AVÈG LA FÈ YON PLAN POU L TE TWONPE VWAZEN L LAN. KI PLAN LI TE YE?

E. KİYÈS KI TE PWOTAGONIS LAN (PÈSONAJ PRENSIPAL LA) ENTÈLIJAN NAN KONT LA? KİYÈS KI TE TWONPE?

F. KI MOTIF ENTÈLIJAN AN TE GENYEN POU L TE TWONPE VWAZEN AN?

G. KISA TÈKS LA KONSIDERE KÒM YON *CONTO DE ARTIMANHA*?

H. LÈ W TE LI KÒMANSMAN KONT AVÈG KI PAT EGARE A, LI TE POSIB POU W TE KONNEN PLAN AN DEPI NAN KÒMANSMAN OSWA NAN FEN AN? POU KISA W PANSE OTÈ TÈKS LA PA RAKONTE PLAN DEPI NAN KÒMANSMAN?

I. OU KWÈ ISTWA SE YON ISTWA KE OTÈ A TE KREYE OSWA SE YON ISTWA YO RAKONTE DE BOUCH AN BOUCH PANDAN ANPIL TAN? KI ENFÒMASYON NAN TÈKS LA KI MONTE SA A? PALE AK FANMI W YO POU W KONNEN SI GEN *CONTOS DE ARTIMANHA* KE LÒT MOUN TE RAKONTE YO.
